

15 desanm 2020

Chè fanmi,

Mwen swete ou pote w byen.

Pandan n ap antre nan sezon ivè a, li posib pou gen move tan ki ta ka koze tout lekòl pou fèmèn pou ansèyman ak aapantisaj nan tan nòmàl. Ane sa a, si gen yon tanpèt nèj oswa lòt kondisyon tan ki ta oblije pou bilding lekòl fèmèn, tout lekòl ap pase nan aprantisaj adistans pou jou sa a. Nou atann pou tout elèv log on ak fè travay yo apati lakay yo menm jan yo t ap fè sa lòt jou lè y ap aprann adistans. Elèv lekòl presegondè ak segondè ki deja ap aprann adistans chak jou dwe patisipe lekòl adistans kèlkeswa kondisyon tan an.

Abilite nou pou anseye ak aprann adistans atravè sistèm lan pèmèt nou kontinye aprann malgre fèmti akòz move tan. N ap toujou fè w konnen kòm alòdinè lè n ap fèmèn bilding akòz move tan, men aprantisaj ap kontinye.

Lekòl ou a ap rete an kominikasyon sere avèk ou konsènan tanpèt nèj yo anonse ki ka afekte Vil Nouyòk kòmanse Mèkredi 16 desanm nan aswè a. Tanpri sonje ap genyen manje anplis disonib Madi 15 desanm ak Mèkredi 16 desanm pou pote lakay ou.

Tanpri pa ezite kontakte direktè lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk